

Panse.Planifye.Aji.

Gid Preparasyon Anka Siklòn

Nimewo Telefòn yo ak Adrès Sitwèb yo

9-1-1 Ijans yo

3-1-1 Sant Enfòmasyon Gouvènman

Gratis pou moun andeyò Konte Miami-Dade

1-888-311-DADE (3233)

TTY/TDD: 305-468-5402

2-1-1 Sèvis Sosyal Koze Familyal

TTY: 305-644-9449

Lakwa Wouj Amerikèn

305-644-1200

www.miamiredcross.org

Depatman Jesyon Dezaz Miami-Dade

www.miamidade.gov/oem

Ajans Federal Jesyon Ijans (FEMA)

1-800-621-FEMA (3362)

TDD: 800-462-7585

www.fema.gov

Florida Power and Light

1-800-4-OUTAGE (1-800-468-8243)

7-1-1 (impedimento auditivo)

AT&T

1-888-757-6500

TDD: 305-780-2273

6-1-1 (reparasyon)

Sekirite nan manje pandan ijans

www.foodsafety.gov/keep

Alèt Miami-Dade

Se pa w menm an dènye ki pou konnen lè yon siklòn ap rive sou nou. Abòne w ak Alèt Miami-Dade pou jwenn nouvèl meteyolojik yo. Jwenn plis enfòmasyon nan <http://miamidade.gov/wps/portal/Main/safety>.

Èske w te konnen?

Lè w rele 3-1-1 w jwenn sèvis pèsònèl tètatèt an Angle, Espayòl oswa Kreyòl ki va ba w repons wap chèche yo sou pwogram yo ak sèvis gouvènman yo.

Panse.Planifye.Aji.

Gid Preparasyon Anka Siklòn

03 Rete An Sekirite Pandan yon Tanpèt

04 Biwo Komisyon Lokal yo

05 Pre-Alèt yo ak Alèt yo

06 Pwogram Asistans Evakyasyon Dijans

06 Asire Sekirite Bèt W yo

07 Ekipe W San Depase Bidjè W

08 Konsèy Sou Dlo Potab

09 Fè yon Bagay Entelijan: Netwaye Anvan Tanpèt la

10 Lis Twous Anka Dezas

11 Lè yon Siklòn Ap Pwoche

12 Pandan yon Siklòn

13 Apre yon Siklòn

14 Sou Koze Evakyasyon

15 Enfòmè W Sou Zòn Evakyasyon W

16 Asistans pou Moun Enfim yo / Ede Vizitè yo

17 Transpòtasyon

Bay Patisipasyon Pa W Pandan yon Tanpèt Rete An Sekirite

Sezon Siklòn Zòn Atlantik la dire apati 1^e jen jiska 30 novanm. Ak tout ke dènye sezon ki sòt pase yo te ase kalm, se pou nou pa kite tèt nou twò rilaks nan preparasyon nou yo.

Lè nou planifye pi bonè, nou ede asire ke nou menm ak moun nou renmen yo rete an tout sirte epi an sekirite. Epitou, sa ba nou chans pou nou pa chaje tèt nou, ni pèdi tan, ni lajan.

Enfòmasyon nan gid sa-a te etabli ak dè fè reyèl epi bon jan konsèy sou kouman pou pwoteje fanmi w ak byen w yo ,yon fason pou ede nou nan planifikasyon nou yo. Pandan nap feyte paj li yo, nou gen chans jwenn repons a kestyon nou kab genyen sou koze preparasyon anka siklòn. Mèzalò, si nou pa jwenn enfòmasyon sou sa nap chèche a, sonje nou kab toujou rele 3-1-1 pou pale ak youn nan Espesyalis Enfòmasyon yo oswa klike sou www.miamidade.gov kote nap jwenn yon lo konsiderab enfòmasyon.

Ak tout respè,



Carlos Álvarez
Majistra
Konte Miami-Dade



Dennis C. Moss
Prezidan
Asanble Komisyonè Konte

Gid sa-a finanse an pati pa yon alokasyon de Ajans Federal Jesyon Dezas.

Pou plis enfòmasyon sou preprasyon anka siklòn nan zòn lakay w, rele biwo komisyon lokal w.

Distrik 9

Prezidan Dennis C. Moss

Biwo Distrik Nò

10710 SW 211 Street
Suite 206

Miami, Florida 33189
305-234-4938

Biwo Distrik Sid

1634 NW 6th Avenue
Florida City, Florida 33034
305-245-4420

dennismoss@miamidade.gov

Distrik 1

Barbara J. Jordan

Biwo Distrik

2780 NW 167 Street
Miami Gardens, FL 33054
305-474-3011

bjordan@miamidade.gov

Distrik 2

Dorrian D. Rolle

Biwo Distrik

900 NE 125th Street
Suite 200
Miami, Florida 33161
305-694-2779

district2@miamidade.gov

Distrik 3

Audrey Edmonson

Biwo Distrik

Caleb Center
5400 NW 22nd Avenue
Suite 701
Miami, Florida 33142
305-636-2331

district3@miamidade.gov

Distrik 4

Sally A. Heyman

Biwo Distrik

1100 NE 163rd Street
Suite 303
N. Miami Beach, FL 33162
305-787-5999
district4@miamidade.gov

Distrik 5

Bruno A. Barreiro

Biwo Miami

1454 SW First Street
Suite 130
Miami, FL 33135
305-643-8525

Biwo Miami Beach

1700 Convention Center Dr.
1st Floor
Miami Beach, FL 33139
District5@miamidade.gov

Distrik 6

Rebeca Sosa

Biwo Distrik

1000 SW 57th Avenue
Suite 201
Miami, Florida 33144
305-267-6377
district6@miamidade.gov

Distrik 7

Carlos A. Giménez

Biwo Distrik

6330 Manor Lane
Suite 100
South Miami, FL 33143
305-669-4003

Biwo West Grove

Frankie Rolle Center
3750 S Dixie Highway
Miami, FL 33133
305-446-3311
district7@miamidade.gov

Distrik 8

Katy Sorenson

Biwo Distrik

10710 SW 211 Street
Suite 204
Miami, Florida 33189
305-378-6677
district8@miamidade.gov

Distrik 10

Javier D. Souto

Biwo Distrik

9766 Coral Way
Suite One
Miami, Florida 33165
305-222-2116
javiersouto@miamidade.gov

Distrik 11

Joe A. Martínez

Biwo Distrik

1401 SW 107th Avenue
Suite 301M
Miami, Florida 33174
305-552-1155
district11@miamidade.gov

Distrik 12

José “Pepe” Díaz

Biwo Distrik

8345 NW 12th Street
Miami, FL 33126
305-599-1200
district12@miamidade.gov

Distrik 13

Natacha Seijas

Stephen P. Clark Center
111 NW 1st Street
Suite 320
Miami, Florida 33128
305-375-4831

Pre-Alèt yo ak Alèt yo

Tèminoloji W Fèt pou Konnen

Pre-Alèt Tanpèt Twopikal

Posibilite yo egziste pou yon tanpèt twopikal (van ak yon fòs de 39 a 73 mil alè) frape yon zòn kotye byen espesifye nan mwenske 48è.

Alèt Tanpèt Twopikal

Posibilite yo egziste pou yon tanpèt twopikal (van ak yon fòs de 39 a 73 mil alè) frape yon zòn kotye byen espesye nan mwenske 36è.

Pre-Alèt Siklòn

Posibilite yo egziste pou yon siklòn (van ak yon fòs de 74

mil alè ou plis) frape yon zòn kotye byen espesifye. Kòm li vin difisil pou entèkansyon preparasyon siklòn yo fèt yon fwa van yo rive ak fòs yon tanpèt twopikal, yo lanse pre-alèt siklòn la 48è an avans de frap van ak fòs tanpèt twopikal yo antisipe a.

Alèt Siklòn

Posibilite yo egziste pou yon siklòn (van ak fòs de 74 mil alè ou plis) frape yon zòn kotye byen espesifye. Kòm li vin difisil pou entèkansyon preparasyon siklòn yo fèt yon fwa van yo rive ak fòs yon tanpèt twopikal, yo lanse alèt siklòn la 36è an avans de frap van ak fòs tanpèt twopikal yo antisipe a.

“Fè ak Pa Fè”

Pandan yon pre-alèt siklòn oswa alèt...

- Pa fè okenn aktivite netwayaj, rebondaj oswa plase fatra sou twotwa devan kay la.
- Si w bezwen jete gwo pyès fatra pandan yon pre-alèt oswa alèt, pote li ale nan Sant Fatra ak Resiklaj ki pi pre w la. Sit sa yo rete ouvè pou resevwa fatra ak dechè yo toutotan kondisyon meteyolojik yo pèmèt sa.
- Pandan yon alèt, yo sispann tout sèvis ranmasaj fatra ak resiklaj. Asire ke nou byen sekirize bin fatra ak bin resiklaj nou yo nan yon depo oswa garaj fèmen pou pandan tanpèt la yo pa tounen debri kap vole.

Pwogram Rejis pou Moun ki Bezwen Atansyon Espesyal ak Asistans nan Evakyasyon Anka Dijans

Rezidan yo nan Miami-Dade ki bezwen swen espesyalize enfimye chak jou, asistans jounalye pou viv lakay yo, oswa ki de pàn sou ekipman medikal ki mache sou elektrisite pou kenbe yo vivan fèt pou enskri yo nan Pwogram Rejis pou Moun Ki Bezwen Atansyon Espesyal ak Asistans nan Evakyasyon Anka Dijans (sig Angle PSN/EEAP). Pwogram sa-a se pou endividi sa yo ki byen espesifikman abite poukont yo oswa ak fanmi yo, epi pa nan yon lokal swen medikal tankou yon lokal ki bay asistans èd oksilyè (sig Angle ALF) oswa yon mezon retrèt.

Resous yo trè limite epi sant evakyasyon yo pa osi konfòtab ke fwaye yon moun, kidonk li ta pi bon, si posib, w chèche fè aranjman ak fanmi oswa zanmi. Mèzalò, si w bezwen itilize youn nan sant evakyasyon espesyalize Konte an, li enpòtan pou w pote sa ki nesèsè yo nan sant evakyasyon, enkli kabann/dra/lenn, twous ijèn pèsònèl, manje, dlo, medikaman ak ekipman medikal. Kidiplis, si nou bezwen yon èd oksilyè, se pou w vini ansanm avèk li epi se pou li rete avèk w.

Lè yon evakyasyon prèske nesèsè, endividi sa yo ki anba Rejis pou Moun ki Bezwen Atansyon Espesyal yo va genyen priyorite, kidonk pa tann pou aplike — fè sa depi kounyeya. Aplikasyon yo disponib an Kreyòl, Angle ak Panyòl. W kapab rele 3-1-1 pou mande yon aplikasyon, oswa w kapab telechaje youn nan sitwèb sa-a: www.miamidade.gov/oem.

Asire Sekirite Bèt Kay W yo

Nenpòt plan w fè pou tèt w, sonje enkli bèt lakay w yo tou. Si w pral pranabri pou tanpèt la kay yon fanmi, zanmi oswa vwazen, mennen bèt kay w yo avèk w. Si li nesèsè pou w ale nan yon sant evakyasyon, Konte Miami-Dade genyen Sant Evakyasyon Siklòn ki asepte bèt kay. Pou jwenn yon aplikasyon ak enstriksyon kouman pou jwenn aksè youn nan sant sa yo, tanpri vizite www.miamidade.gov/animals.

Si w pa genyen lòt altènatif ke kite bèt w an lakay w, genyen kèk prekosyon w fèt pou pran. Fèmen bèt w an andedan kay la nan yon zòn ki an sekirite — pa janm kite bèt w an deyò! Ranje yon kote pou li kouche epi kite li ak manje epi anpil dlo. Mete yon avi anba plastik transparan ke yo kab li san difikilte nan yon kote deyò kay la ki anba zye. Li fèt pou avize ke genyen bèt la/yo nan kay la epi di nan ki pyès yo ye. Epitou se pou w ajoute nan avi sa-a nan ki nimewo yo kapab oswa kontakte w oswa yon moun w, epi mete non ak nimewo telefòn veterinè w ladan li tou.

Kidiplis:

- Asire ke tout vaksen yo ajou
- Mete meday idantifikasyon chak bèt nan kolye ki fèt pou sa
- Pou asire w ke wap rejwenn bèt w an si li pèdi, mande veterinè w la mete yon mikwochip oswa fè yon tatou pou bèt w an.

Ekipe W San Depase Bidjè W

Rezidan yo depanse dè santèn de dola chak ane nan acha apwovizyonman pou siklòn tankou dlo nan boutèy, gazolin ak manje ki pa gate. Anpil fwa, moun pito tann jis lè tanpèt la menase Sid Florid pou yo kouri fè dènye acha yo nan magazen lokal yo pou achte pwovizyon ak founiti, lè sa-a se yon gwo depans ki fèt.

Sonje, li pi ekonomik si w achte twous anka dijans w an tigout pa tigout, epi depi sa posib, sèvi ak sa w deja genyen nan kay la anvan w achte lòt. Men kèk konsèy pou w sonje:

- Achte yon bwat oswa kenn manje oswa yon lòt atik sou lis twous siklòn w an chak fwa w ale nan makèt, depi sa disponib sèvi ak kupon yo oubyen achte yo nan likidasyon.
- Mete tout resous fanmi, zanmi ak vwazen ansanm pou ekonomize lajan nou nan achte bagay yo angwo, epi apre sa separe yo.
- Ranpli vesò ak 2/3 dlo tiyo epi kite yo nan frizè a pou jwenn glas apre tanpèt la.
- Woule kouvrelè ak lenn w deja genyen yo pou sèvi kòm kabann.

Enskri w pou jwenn Alèt Wèbemisyon Konte Miami-Dade gratis.

Ak sistèm wèbemisyon nou an, w kapab gade konferans deprès anka dijans yo an dirèk, reyinyon Asanble Komisyonè Konte Miami-Dade la ak plizyè lòt bagay.

Ekri webcast@miamidade.gov epi mande pou w resevwa alèt wèbemisyon reyinyon yo jodiya.

Konsèy sou Dlo Potab

Swiv nouvèl yo pou nou wè moun kap toupiyan boutèy dlo sou etajè magazen yo. Men pouki pou w ale nan magazen an pou batay ak foul moun yo pou jwenn dlo lè w kab fè sa pi byen...

Pou peryòd siklòn la, olyeke w achte dlo nan boutèy, envesti nan veso dlo an plastik pou fanmi w.

- Veso Dlo an plastik yo disponib nan yon varyete de gwosè, apati de 4 galon jiska 10 galon oswa plis, genyen ki pliyab ke w kapab mete nan depo byen fasilman. Yo fè yo gwo nèg pou yo dire kèk ane, alafen wap ekonomize lajan w.
- Asire ke w genyen ase veso plastik pou tout moun nan fanmi w — enkli bèt kay w yo — jwenn ase dlo ki pou dire yo plizyè jou. Si w kalkile apeprè yon galon pa pèsòn pa jou sa ta dwe sifizan.
- Lè w fèk rive lakay w ak veso plastik yo, poko ranpli yo. Lè dlo rete nan veso yo pou lontan li konn donnen mikwòb danjre epi dlo a vin genyen move gou. Tann ke yo anonse alèt siklòn la anvan.
- W trakase w paske veso an parèt yon jan “degoutan” lè w ranpli li? Pa gen pwoblèm. Lave li ak dlo ak savon anvan, epi byen rensè li. Apre sa, ranpli li ak yon melanj de 1 gwo kiyè klorin mezon san odè — sak sèvi pou fè lesiv la — pou chak galon. Kite li poze pou dis minit, apre sa vide veso an epi byen rensè li. Se kounyeya li pare pou ranpli li ak dlo tiyo.

Swiv konsèy sa-a epi w pap janm gen pou trakase pwochèn fwa yon siklòn ap vin sou nou si magazen prefere w la pa genyen dlo nan boutèy.

Fè Bagay Entelijan: Netwaye Anvan Tanpèt

Kliyan rezidansyèl yo kapab pran avantaj de sèvis vwari sa yo pou prepare pou peryòd siklòn la:

- Pote branch bwa yo ak lòt fatra kay la ale nan youn nan 13 Sant Resiklaj ak Fatra Katye yo [Neighborhood Trash & Recycling Centers (sig Angle TRCs):

North Dade

21500 NW 47 Avenue

Snapper Creek

2200 SW 117 Avenue

West Perrine

16651 SW 107 Ave

Norwood

19901 NW 7 Avenue

Sunset Kendall

8000 SW 107 Avenue

South Miami Heights

20800 SW 117 Court

Golden Glades

140 NW 160 Street

Richmond Heights

14050 Boggs Drive

Moody Drive

12970 SW 268 Street

Palm Springs North

7870 NW 178 Street

Chapman Field

13600 SW 60 Avenue

West Little River

1830 NW 79 Street

Eureka Drive

9401 SW 184 Street

-
- Rele 3-1-1 pou fè aranjman pou yo vin ranmase gwo pyès fatra/dechè devan lakay w, oswa ale sou entènèt la nan www.miamidade.gov/dswm pou fè aranjman sa yo.
 - Jete ti pyès fatra yo ansanm ak fatra nòmal kay la ke yo ranmase nan sèvis nòmal yo de fwa pa semèn. Si w genyen sèvis bin otomatik yo, sonje ke se pou tout fatra a byen chita nan bin EZ GO a epi se pou kouvèti a byen fèmen.
 - Si w resevwa sèvis ranmasaj manyèl, mete ti pyès fatra yo nan sache fatra yo, kenn fatra yo oswa an pake byen mare ansanm ak rès fatra kay la. Se pa pou yo peze plis pase 50 liv chak epi pake yo pa gen dwa pi long pase 4 pye an longè.
 - Pote tout pwodwi chimik rezidansyèl danjre yo (penti alwil yo, ensektisid yo, pwodwi chimik pisin yo, elatriye) nan youn nan de sant Ranmasaj Pwodwi Chimik rezidansyèl Konte a, ki chita nan 8831 N.W. 58 Street ak nan 23707 S.W. 97 Avenue, Gate B. Sant sa yo ouvè di mèkredi a dimanch de 9 a.m. a 5 p.m.

Si w pa resevwa sèvis ranmasaj fatra nan men Konte Miami-Dade, tanpri kontakte vil kote w abite an pou plis enfòmasyon sou sèvis ranmasaj debri siklòn.

Lis Twous Anka Dezas

Se pou w rasanble apwovizyonman sa yo ki va nesese anka dezas oswa evakyasyon. Sere yo nan yon bagay ki fasil a transpòte tankou yon sakado oswa yon gwo sak vwayaj (duffle bag) an twal yo. Pandan wap mete objè yo nan sak la itilize lis la pou tcheke sa w mete yo pou kenbe envantè yo. Nou kite espas vid pou si ta gen anyen w ta renmen ajoute sou lis la.

- | | |
|---|---|
| <input type="checkbox"/> Dlo nan boutèy * | <input type="checkbox"/> Lajan kach |
| <input type="checkbox"/> Manje ki pap gate nan kenn oswa nan pake | <input type="checkbox"/> Je kle machin derechanj |
| <input type="checkbox"/> Ouvrebwat manyèl | <input type="checkbox"/> Lis telefòn doktè fanmi an |
| <input type="checkbox"/> Vètman derechanj, padesi ak soulye solid | <input type="checkbox"/> Lis enfòmasyon enpòtan fanmi an; modèl ak nimewo seri aparèy medikal yo tankou "pacemakers," elatriye. |
| <input type="checkbox"/> Dra /kouvèti, zoreye | <input type="checkbox"/> Objè espesyal pou ti bebe yo, grandèt yo oswa manm fanmi ki andikape |
| <input type="checkbox"/> Twous premye swen ak medikaman sou preskripsyon yo | <input type="checkbox"/> Dènve bòdwo konpayi itilite piblik pou pwouve adrès rezidansyèl w si yo ta mete zòn la anba dekrè sekirite poutèt gwo dega |
| <input type="checkbox"/> Yon linèt derechanj | |
| <input type="checkbox"/> Radyo ak flach a pil epi anpil pil derechanj | |

Yon lis detaye de founiti anka dezas disponib sou sitwèb FEMA "Are You Ready":

www.fema.gov/areyouready

* sonje chanje ak ranplase anvan dat ekspirasyon

Lè yon Siklòn ap Pwoche

Anvan peryòd siklòn la kòmanse, w fèt pou deja estoke founiti dezans w yo ak dijans w yo. Yon fwa yo deklare alèt siklòn la, laplipa preparasyon w dwe konsantre sou kay w.

Fè

- Sekirize kay w, andedan ak deyò, enkli fenèt yo, pòt yo ak bato yo. Rantre mèb jaden yo, bin fatra yo ak akseswa yo ki kab vole ale yo.
- Chaje selilè yo epi kenbe yon telefòn nòmal sou lamèn.
- Retire lajan kach nan bank w.
- Ranpli tank machin w, jeneratris ak lòt ekipman ki mache ak gaz yo.
- Proteje aparèy elektwonik w yo ak plòg pwoteksyon wot tansyon yo ak kouvèti plastik (prela).
- Si w se pwopriyètè yon bato, itilize yon liy doub nan yon marina oswa konsidere mete li nan kal sèch.
- Swiv avansman tanpèt la.
- Vizite www.miamidade.gov oswa rele 3-1-1 pou jwenn yon mizajou sèvis yo nan Konte an. Depandan de kondisyon yo, bis, tren, ranmasaj fatra ak sèvis resiklaj, ansanm ak operasyon ayewopò ak pò maritim, kapab afekte.
- Sekirize bin fatra w yo andedan nan yon pyès lesiv oswa garaj pou yo pa vole ale. W pral bezwen bin w yo lè yo rekòmanse ranmasaj fatra apre tanpèt la.
- Pou verifye si w abite nan yon zòn evakyasyon ale sou www.miamidade.gov/oem oswa rele 3-1-1. Si yo òdone yon evakyasyon pou zòn lakay w an, chècheabri ki andeyò zòn evakyasyon an, tankou kay yon fanmi oswa zanmi. Se dwe dènye rekou w pou ale nan youn nanabri Sant Evakyasyon Siklòn yo.

Pa Fè

- Pa kòmanse okenn rebondaj pyebwa oswa aktivite netwayaj kay la. Si w bezwen jete branch bwa yo, pote yo ale nan Sant Fatra ak Resiklaj Katye yo.
- Pa depoze okenn gwo pyès fatra sou vwa piblik la.

Pandan yon Siklòn

Lè yon siklòn menase, genyen yon bon fason pou nou chita tann ak gade — men kouman...

- Rete nan pyès ki an sekirite w la, sak byen pwoteje a, menm si w tande vit ap kraze. Pa pran chans parèt kote van siklòn ap frape.
- Rete branche sou nouvèl lokal yo nan televizyon oswa radio pou nouvèl ak dènye enfòmasyon sou meteyo. Ofisyèl jesyon anka dijans yo va fè w konnen kilè li an sekirite pou w ka sòti nan lari.
- Si kay w an menase ak inondasyon, desann swich brekè elektrik yo.
- Konbat tantasyon pou w ta ale deyò pandan “zye tanpèt la”; se yon timoman kalm sèlman anvan gwo fòs siklòn yo rekòmanse frape de lòt direksyon an.
- Asire ke twous dezaz w an ak anka dijans w an avèk w de yon pyès a yon lòt.
- Si kouran an ale, etenn tout aparèy elektwo-menaje yo.
- Itilize flach, pa bouji oswa lanp kewozin, kòm limyè.
- Evite sèvi ak telefòn la epi pa benyen pandan tanpèt la.
- Enfòme timoun yo sou sa kap pase epi veye yo pou nenpòt sentòm estrès.
- Kenbe bèt yo nan kaj pòtab yo.
- Rantre nan basen douch la oswa anba yon matla si kay la kòmanse kraze toutotou w.

Abòne w ak Alèt Miami-Dade pou mesaj alèt yo vin dirèkteman sou telefòn w, adrès imel w oswa bipè w. Sèvis sa a gratis men konpayi abònman telefòn w an kab chaje w yon frè pou mesaj tèks yo. Pou enskri ale nan www.miamidade.gov/hurricane.

Aprè yon Siklòn

Etid yo demontre ke anpil blesi nan dezaz rive aprè dezaz la. Aprè tanpèt la fin pase rete vijilan ak konsèy sa yo:

- Rete andedan jiskaske otorite lokal yo di nou mèt sòti deyò.
- Kontinye monitè radyo oswa televizyon pou konsèy ak/oswa enstriksyon de gouvènman lokal la. Rele 3-1-1 oswa ale sou www.miamidade.gov/dswm pou enfòmasyon sou sèvis ranmasaj fatra ak ranmasaj debri siklòn.
- Si posib, enplimante plan kominikasyon fanmi w la epi avize kontak w te chwazi a ke w byen epi an sekirite.
- Rete lwen kote dezaz la detwi an; pa ale fè touris.
- Pa limen fou chabon, fou kamping pwopan oswa jeneratris andedan kay la.
- Obeyi tout kouvrefe ak lòd anka dijans ki dekrete yo.
- Pa ni mache ni kondwi pase nan ma dlo yo, paske li gen dwa pi fon ke w reyalize epi kabab gen danje ladan yo.
- Rete kanpe lwen kab ak fil kouran ki tonbe yo epi rapòte yo bay FPL.
- Pran pasyans epi fè atansyon; netwayaj aprè yon tanpèt gen dwa pran anpil tan.
- enspekte kay la pou dega, asire w ke w kapab rete ladan li an tout sekirite. Tcheke si genyen fwit gaz, si sa aplikab.
- Jete tout manje nan frijidè a ke w sispèk gate.
- Pote yon ti kantite debri siklòn ale nan Sant Fatra ak Resiklaj la. Mete pi gwo pil debri yo sou twotwa a, lwen antouraj yo, bwat postal, drenaj yo, kab kouran yo ak fil ki pandye byen ba yo. Pa mete debri yo sou teren vid yo oswa devan pwopriyete komèsyal yo, pepinyè yo ak teren fèmeye yo.
- Pou jwenn ranplasman pou bin fatra pèdi oswa kraze yo rele 3-1-1 pou rapòte sa.

Sou Koze Evakyasyon

Se pou nou konsidere Sant Evakyasyon Siklòn yo kòm dènye rekou nou. Dabitid sant sa yo kwense ak moun epi yo pa bay moun chans okenn entimite.

Si w oblije ale nan youn nan sant sa yo li enpòtan pou w pote avèk w:

- Dlo potab
- Kolasyon
- Medikaman sou preskripsyon anka dijans yo (refrijerasyon disponib pou bagay sa yo sèlman)
- Dra ak kouvrel; zoreye, lenn, elatriye
- Pwodwi ijèn pèsònèl
- Pwodwi pou tibebe ak timoun, tankou fòmila, kouchèt, jwèt, elatriye
- Vètman derechanj
- Kach (anka w pa kapab jwenn aksè labank imedyatman apre siklòn la)
- Founiti espesyal pou manm fanmi yo ki grandèt oswa andikape
- Materyèl lwazi tankou liv, magazin, kat, elatriye


Tanpri note: Yo asepte bèt sèvis enfim yo.

Konnen Zòn Evakyasyon W

Zòn A: Miami Beach, Virginia Key, Key Biscayne ak tout zile ki chita nan Biscayne Bay enkli zile ki fè pati Vil Miami ak yon zòn ki rele “8½ Square Miles”.

Zòn B: Tout zòn yo ki fè pati Konte Miami-Dade ki chita (de nò a sid) ès de Biscayne Blvd., Brickell Avenue, S. Miami Ave., South Bayshore Dr., Main Highway, Ingraham Highway, Old Cutler Rd., otowout Florida Turnpike sid jiska U.S. 1 rive State Road 9336 sid jiska Everglades National Park.

Zòn C: Zòn Konte Miami-Dade ki wès Zòn B epi liy ki defini pa S.W. 152 St. nan Old Cutler Rd. direksyon wès jiska U.S. 1 epi sid jiska S.W. 184 St. epi wès jiska S.W. 127 Ave. epi sid jiska U.S. 1 epi de U.S. 1 sis jiska S.W. 312 St. epi alwès jiska Everglades National Park.



Lamare Tanpèt: Yon fwa yo idantifye yon menas, chak zòn va evakye depandan sou trajè siklòn la epi dapre previzyon lamare tanpèt la, endepandan de klas/kategori siklòn la.

Asistans pou Moun Enfim yo

Si w menm oswa yon moun w konnen genyen yon enfimite fizik ki pa egzije yon sant evakyasyon espesyalize, yo kapab fasilman akomode w nan youn nan Sant Evakyasyon Siklòn nou yo. Tout Sant Evakyasyon Siklòn Konte Miami-Dade yo depase kritè egzije sou lis pou tcheke nan gid “U.S. Department of Justice (sig Angle DOJ)” Lwa Ameriken sou Enfimite pou abri anka dijans yo. Anfèt, Florid se youn nan senk Eta kote kòd aksesibilite li yo te sètifye pa DOJ a kòm antanke konfòm ak Lwa Ameriken sou Enfimite a.

Non sèlman sant evakyasyon nou yo depase konfòmite nan kritè ADA yo, sitwèb Depatman Jesyon Dezas la enkli enfòmasyon an rapò ak asistans nan transfè, refrijerasyon medikaman yo, bezwen espesyal pou kabann lopital yo, aparèy TTY/TDD, entèprèt langaj siy pou soud, ak kapasite pou rechaje batri chèn woulant elektrik yo. Jwenn aksè a enfòmasyon fasil pou tou moun ki genyen tout kalite kapasite sou www.miamidade.gov/oem.

Ede Vizitè yo

Vizitè Touris yo ak envite lakay w yo depann de w pou jwenn konsèy pandan yon ijans meteyolojik, espesyalman pandan yon peryòd siklòn. Lè yo fin detèmine ke yon siklòn pral frape kominote nou an, yo ankouraje vizitè yo ki vin bò isit la chanje plan vwayaj yo epi kite zòn la anvan tanpèt la rive sou nou. Mèzalò, envite w yo ki pa kapab pati ale fèt pou enkli nan plan preparasyon siklòn w an.

**Pou plis enfòmasyon sou asiste vizitè oswa moun enfim pandan ijans siklòn,
vizite www.miamidade.gov oswa rele 3-1-1.**

Transpòtasyon

Debaz yo

Twazèdtan anvan siklòn la oswa tanpèt tropikal ki vante van ki a 39 mil alè frape, ni lokal transpòtasyon Konte ni sèvis li yo sispann. Pou enfòmasyon pou pasaje pò maritim la ak Ayewopò an, se pou w kontakte konpayi liy vwayaj w an oswa rele 3-1-1 pou jwenn mizajou nouvel yo sou ki sèvis ki fèmen. Ajans fòsdelòd yo va avize piblik la sou fèmti wout yo ak pon yo.

Evakyasyon Anka Dijans

Si w abite nan yon zòn evakyasyon anka dijans epi sèl chwa w se ale nan yon sant evakyasyon ofisyèl, *Miami-Dade Transit* ofri sèvis transpò bis pou evakye nan chak zòn evakyasyon ki make “Emergency Evacuation Bus Pick-Up Sites”. Pou konnen plis sou aktivite sa yo pandan yon tanpèt an patikilye, swiv nouvel yo nan medya lokal yo, tcheke sitwèb Konte an nan www.miamidade.gov, oswa rele 3-1-1.

Transpòtasyon Moun ki Bezwen Atansyon Espesyal

Kèk nan moun ki enskri nan pwogram “People with Special Needs and Emergency Evacuation Assistance Program” elijib pou jwenn transpòtasyon nan men depatman Konte yo. Bis ak pòt asansè pou chèz woulant yo ak lòt machin transpò espesyalize va pase chèche moun enskri yo epi mennen yo ale de lakay yo a lokal ki deziyen pou resevwa yo an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis sa-a, rele 3-1-1.

Bato yo ak Vwa Marin

Alòske wap prepare pou peryòd siklòn, pa bliye sekirize bato w la. Epitou sonje se pa pou w janm eseye rete sou bato w la pandan yon siklòn. Yon fwa yo kòmanse fè evakyasyon yo nan zile kotye yo, pon Vwa Navigab Kotye yo pral ouvè detanzantan sèlman jiskaske yon fèmen yo.

Plis enfòmasyon disponib nan www.miamidade.gov/oem.
